Moun k ap viv bò kote w oswa moun ki pwòch ou dwe fè tès la. Si yo pa gen epatit B, vaksinasyon ka pwoteje yo.

Seri vaksen kont epatit B yo rekòmande pou:

- Tout timoun soti nan nesans pou rive laj 18 lane
- Granmoun ki gen laj 19 lane pou rive 59 lane
- Granmoun ki gen laj 60 lane oswa plis ki gen pi gwo risk oswa ki vle pwoteksyo

Pifò plan swen sante kouvri vaksen yo rekòmande yo. Verifye avèk plan asirans ou oswa founisè swen sante w la. Gen kèk moun ki ka kalifye pou vaksen gratis oswa a rabè atravè pwogram Vaksen pou Timoun nan oswa pwogram pou granmoun seksyon 317 la finanse. Pou plis enfòmasyon, eskane kòd QR la pou jwenn Zouti Rechèch Founisè VFC/317 la.

Pou Plis Enfòmasyon

Depatman Sante New Jersey (New Jersey Department of Health)
nj.gov/health/vaccines
bit.ly/4drSuKb

Depatman Sante Lokal (Local Health Department)
localhealth.nj.gov

Sant Sante Federal Kalifye (Federally Qualified Health Center)
bit.ly/4tcesW9

Hepatitis B Foundation
hepb.org

Zouti Rechèch Founisè VFC/317 (VFC/317 Provider Search Tool)
bit.ly/4ncUoSh

Swiv nou sou rezo sosyal yo @NJDeptofHealth:
Facebook, Instagram, Threads, X, LinkedIn, ak YouTube

New Jersey Department of Health
Communicable Disease Service
Vaccine Preventable Disease Program
PO Box 369
Trenton, NJ
609-826-4861

Viv avèk epatit B



Antanke yon Adolesan oswa Jèn Granmoun

NJHealth
New Jersey Department of Health



OU KA MENNEN YON VI NÒMAL AVÈK HBV, TANKOU AKOUCHE YON TIMOUN

Pale avèk doktè w la sou fason pou w evite transmèt maladi a bay tibebe w la.

Kisa ki Epatit B (HBV)?

- HBV se yon viris ki nan fwa a. Li kapab yon maladi akoutèm oswa alontèm. Souvan pa gen okenn sentòm Si genyen, ou ka santi w fatige, ou pa byen, oswa ou ka gen po oswa je jòn.
- Pifò moun refè, men gen kèk ki devlope yon enfeksyon alontèm ki ka domaje fwa a oswa lakòz kansè.

Kòman li pwopaje?

HBV pwopaje atravè san ak likid k ap soti nan kò a ki enfekte. Sa gen ladan:

- fè sèks san pwoteksyon
- pataje bagay pèsonèl (egzanp razwa, bwòs dan, glikomèt)

Yon moun ki enfekte ka bay tibebe li maladi a pandan l ap akouche.

Li pa pwopaje atravè manje, dlo, tous, moun k ap etènye oswa kontak owaza tankou anbrase oswa bo.

Kòman m ka evite enfekte lòt moun?

- Manm fwaye a ak patnè seksyèl yo dwe fè tès depistaj pou HBV. Si yo pa gen viris la, yo dwe pran vaksen pou pwoteje tèt yo kont HBV.
- Si ou gen yon blesi oswa plè ki ouvè, asire w ou kouvri l pou san an pa kontamine lòt moun.
- Fè sèks ak kapòt oswa lòt pwoteksyon an latèks pou pwoteksyon.
- Pa pataje bagay pèsonèl ou.
- Si ou panse ou te ekspoze yon moun a yon risk (egzanp, pike avèk yon zegwi, kontak avèk san), chèche swen medikal imedyatman.

